



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SENK NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ SAN RANDEVOU POU TRAVAYÈ NAN BOUTIK, MAGAZEN AK MAKÈT VIL NEW YORK YO

*Sit ki sitiye nan tout senk awondisman yo ouvri pou tout Nouyòkè ki kalifye yo; òf san randevou yo limite ak travayè boutik, magazen ak makèt yo ki gen prèv travay*

*Eta a pral fè patenarya ak SOMOS Community Care, Urban Health Plan, United Bodegas of America, Asosyasyon Nasyonal Makèt, RWDSU*

*Chak sit pral resevwa total 400 dòz, avèk dòz ki rezève pou travayè yo; Pran randevou pou sit SOMOS yo isit la ak sit Urban Health Plan yo lè ou rele 718-589-4755*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a senk nouvo sit vaksinasyon tanporè san randevou pou travayè boutik, magazen ak makèt Vil New York yo. Sit yo, k ap sitiye nan toule senk awondisman yo, ap resevwa yon total 400 dòz yo chak pandan dire egzistans yo, ki enkli dòz ki rezève pou travayè yo. Sit yo ouvè pou tout Nouyòkè ki kalifye, men se sèlman travayè boutik, magazen manje ak makèt ki gen prèv travay yo ki ka prezante pou vaksinen. Eta New York ap fè patenarya ak SOMOS Community Care ak Urban Health Plan pou jere vaksen yo nan sit yo. Nouyòkè ki kalifye yo ka pran randevou pou sit SOMOS yo isit la ak pou sit Urban Health Plan yo lè yo rele 718-589-4755.

"N ap fè gran pwogrè nan vaksinen Nouyòkè yo nan tout eta a, men nou dwe asire ke n ap rive jwenn chak popilasyon nan chak kominate", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se te travayè esansyèl yo ki te mete pwòp sekirite yo anliy pou asire nou te ka konfwonte pandemi sa epi nou dwe yo yon dèt rekonesans enòm pou sèvis ekstraòdinè yo. Se poutèt sa nouvo sit vaksinasyon tanporè sa yo tèlman enpòtan--y ap rann li pi fasil pou travayè boutik, magazen manje ak makèt yo, ki te travay chak jou pou bay yon sèvis esansyèl, vaksinen epi pwoteje tèt yo, fanmi yo ak kominate yo de COVID-19 la."

Nouvo sit tanporè yo te etabli pou travayè sa yo ki sitiye nan adrès ki anba yo. Chak sit SOMOS Community Care ap ouvè soti 9 a.m. rive 5 p.m. Sit Urban Health Plan lan ap ouvri soti 8 a.m. rive 5 p.m. Travayè boutik, magazen manje ak makèt yo ap dwe montre prèv travay yo.

**Urban Health Plan**

1054 Simpson St  
Bronx, NY  
Ouvri: Lendi 26 avril - dimanch 2 me

**Madison Square Boys & Girls Club**  
2245 Bedford Ave  
Brooklyn, NY  
Ouvri: Samdi 1 me

**Mission Society**  
646 Malcom X Blvd  
New York, NY  
Ouvri: Samdi 24 avril

**Iglesia Centro Cristiano Juda**  
111-36 Roosevelt Ave  
Flushing, NY  
Ouvri: Jedi 29 avril

**Manor Superette**  
927 Manor Rd  
Staten Island, NY  
Ouvri: Mèkredi 28 avril

**Prezidan RWDSU a, Stuart Appelbaum, te deklare,** "Travayè esansyèl yo te mete lavi yo arisk pou sèvi nou nan makèt, magazen ak boutik yo pandan tout dire pandemi an, nou dwe yo sipò yo bezwen an pou vaksinen kont COVID-19 la. Mwen kontan wè Gouvènè Cuomo pran mezi pou ede travayè sa yo lè li mete òf san randevou pou yo nan tout Vil New York. Yon pwogram vaksinasyon solid enpòtan nan siksè nou pou defèt pandemi sa antanke yon eta, epi nouveau efò sa mennen nou yon pa nan bon direksyon an pou vaksinen popilasyon vital la".

**Prezidan UBA a, Radhamés Rodriguez, te deklare,** "Travayè boutik, magazen ak makèt yo te mete tan san konte ap bay yon sèvis esansyèl pandan tout pandemi COVID-19 la, epi mwen akeyi anons ke y ap rann òf san randevou disponib pou yo nan toule senk awondisman yo. Gouvènè Cuomo te dirije wout la pou asire ke tout Nouyòkè yo vaksinen, pa sèlman sila yo ki gen pi bon aksè nan enstitisyon swen sante yo, epi anons sa ap ranfòse efò sa yo pou yon popilasyon ki enpòtan. COVID-19 la rete yon menas nan kominate nou yo, men n ap fè pwogrè nan vaksinen Nouyòkè yo chak gress jou, epi efò sa pou ede pwoteje travayè sa yo ap ede fè eta nou an kontinye pwogrese. UBA reprezante 14,000 boutik nan Vil New York epi nou prè pou reponn apèl Gouvènè a pou vaksinen mendèv nou an."

**Prezidan NSA a, William Rodriguez, te deklare,** "NSA apresye angajman Gouvènè Cuomo anpil pou asire ke travayè ki devan epi ki esansyèl yo tankou anplwaye makèt yo kontinye gen priyorite pou vaksinasyon. Nou fyè pou fè patenarya ak adminisyon sa

pou asire ke gen sit ki dedye pou anplwaye nou yo resevwa vaksinasyon yo nan yon fason ki rapid epi efikas."

Eta New York kontinye ouvri sit vaksinasyon kominotè tanporè nan kominote ki defavorize atravè eta a. Depi 15 janvye, plis pase 200 sit kominotè tanporè te administre plis pase 77,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

Devlopman kontini sa a nan sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo fè avanse manda Gouvènè Cuomo a pou asire distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Prezidan Lig Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)